



Social Security

Ou Ka Pètèt Elijib Pou
Resevwa Revni Sekirite
Siplemantè (SSI)

www.socialsecurity.gov

Ou Ka Pètèt Elijib Pou Resevwa Revni Sekirite Siplemanchè (SSI)

Kisa yo rele SSI?

SSI, oswa Revni Sekirite Siplemanchè, se yon program govènman federal ki bay kach chak mwa pou ede moun ki nan bezwen. SSI se pou moun ki granmoun, moun ki avèg oswa ki malad/enfim ki gen nenpòt ki laj ansanm avèk timoun ki malad/enfim.

Pou ou ka resevwa SSI, ou dwe:

- Gen 65 lane oswa plis; oswa
- Avèg nèt oswa a mwaye avèg; oswa
- Gen pwoblèm medical ki anpeche ou travay epi ki ka dire omwen yon lane oswa ki ka koze lanmò ou. Règ yo diferan pou timoun. Pou ou ka gen plis enfòmasyon mande piblikasyon, *Benefis Pou Timoun Ki Malad/Enfim—Benefits For Children With Disabilities* (Piblikasyon No. 05-10026-HC). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle.

Koonbyen lajan ou ka resevwa?

Kantite nòminal SSI peye pa mwa pou ane 2006 la se menm jan pou tout etazini an. li se:
—\$603 pou yon moun; oswa
—\$904 pou de moun ki maye.

Tout moun pa resevwa menm kantite lajan nan SSI. Ou ka resevwa plis lajan si ou rete nan yon eta ki ajoute lajan sou peman SSI federal la. Oswa ou ka resevwa mwens si ou menm oswa fanmi ou gen lòt resous lajan. Kote ou rete ak moun ki rete ak ou yo ka detèminen si ou kalifye pou SSI epi ka fè yon diferans nan kantite lajan SSI ou resevwa.

Kòman pou ou kalifye pou SSI?

Lajan ou fè

Nan lajan ou fè ak lajan ou touche, benefis Sekirite Sosyal ou, pansyon ou ak valè bagay lòt moun ba ou, tankou manje, rad, ak kay.

Kote ou rete afekte kantite lajan ou ka resevwa chak mwa men ou ka toujou resevwa SSI. Chak eta gen règ pa yo.

Bagay ou posede

Ou kapab resevwa SSI si resous ou (bagay ou posede) vo pa plis pase \$2,000 pou yon moun oswa \$3,000 pou moun ki marye. Nou pa konte tout sa ou posede lè nou ap decide si ou ka resevwa SSI. Pa egzanp, nou pa konte kay ou, epi dabitid nou pa konte vwati ou. Nou konte lajan kach, kont labank, bon ak bon investisman ou genyen.

Ou dwe yon rezidan Etazini

Ou dwe rete nan Etazini oswa nan Zile Mariana Nò pou ou ka resevwa SSI. Si ou pa yon sitwayen Etazini, men ou se yon rezidan, ou ka toujou resevwa SSI. Pou ou ka gen plis enfòmasyon, mande wè piblikasyon ki rele, *Revni Sekirite Sosyal Sipleman tè Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon No. 05-11051-HC).

Lòt benefis

Pou ou resevwa SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis lajan kach ou ka resevwa. Si ou resevwa SSI, dabitid ou ka resevwa kupon pou manje tou ak Medicaid. Medicaid ede ou peye doktè ak bòdwo lopital epi kupon pou manje yo ede ou peye pou manje.

Kòman pou ou aplike pou SSI?

Antre an kontak ak nou pou ou pran yon randevou pou aplike pou SSI nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou a.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-11069-HC
You May Be Able To Get Supplemental Security
Income (SSI) (Haitian-Creole)
January 2006